

# KONSÈY POU SIKILASYON SAN DANJE POU PYETON AK BEKÀN

Nan kad inisyativ Majistra Teresa Jacobs *Mache-Monte-Amelyore!* pran nan kesyon sekirite pyeton an, men kèk pwèn k ap ede w ak lòt moun rete an sekirite sou wout nou yo.



## KONSÈY POU PYETON



- PSelon la lwa, pyeton yo dwe a dwat wout la, men sa pa angaje konesans oswa atansyon chofè yo. Nou te kapab di tou, rete sou gad ou.
- Toujou travèse yon ri ki frekante nan kote entèseksyon an ye a oswa kote siyal travès la.
- Chèche gade je chofè yo epi asire w ou kanpe anvan ou travèse devan machin yo.
- Lè w ap mache nan yon wout ki pa gen twotwa, toujou mache sou kote goch ki bay sou machin k ap vini an epi rete otan sa posib.
- Toujou gade agoch, ansuit adwat, epi agoch ankò... Epi kontniye chèche machin k ap vini yo pandan w ap travèse lari a.

## KONSÈY POU SIKLIS



- Toujou mete yon kas menm jan tou mete rad ki briyan oswa remakab pou ogmante aparans ou.
- Kouri sou kote dwat wout la ki gen trafik la.
- Toujou fè siy ak men w anvan ou vire oswa kanpe.
- Pa janm brile limyè wouj ak siyal yo.
- Kouri nan yon liy dwat. Pa fè kò w fè ès.

## KONSÈY POU CHOFÈ



- Ralanti ! Vitès se koz 32 pousan kolizyon fatal ki rive.
- Kanpe pou pyeteton nan entèseksyon ak siyal travès.
- Pa janm double yon chofè ki deja kanpe pou yon pyeton.
- Kite omwens twa pye ant veyikil ou a ak yon siklis lè w ap double.
- Sonje: Rete sou gad ou! Pa itilize selilè, ekoutè oswa tchat pandan w ap kondui oswa mache oswa monte toupre trafik.



*Ou kapab pote lide pa w pou amelyorasyon, rele 311 oswa 311 aplikasyon smatfòn nan ki pèmèt ou fè foto, souliye ak rapòte pwoblèm yo— soti nan twou rive nan fisi ki nan twotwa yo epi yon mank nan enfrastrikti pou pyeton — dirèk dirèk soti nan smatfòn ou ale nan Sant Sèvis 311 Pwovens Oranj lan..*

*Annik telechaje aplikasyon an epi kòmanse bay lide pou amelyore sikilasyon pyeton an jodiya menm!*



**Depatman Travo Piblik Pwovens Oranj**  
4200 S. John Young Pkwy. • Orlando, FL 32839  
(407) 836-7900 • pedsafety@ocfl.net